

Control de Esfínter

Kijan poun apiye e Akonpanye timoun nan nan pwosesis

KITE DAYPÈ A YE



Sipò ak oryantasyon pou fanmi an

¿Kisa pwosesis kite daypè a ye?

Se kapasite yon timoun genyen poul ka kontwole misk sa yo ki nan blad pipi a, pou yo ka pipi oubyen twalèt lè yo vle, sa vle di lap kapab kite daypè a.

Li se yon aprantisaj trè enpòtan pou chak timoun. Kontwòl timoun nan kòmanse genyen sou pwòp kò pal afekte pozitivman nan pèsèpsyon li genyen de tèt li.

¿Kilè poun kòmanse kontwòl sfenkter la?

Respekte tan chak timoun ap pran se vrèman enpòtan, kapasite sa se yon bagay timoun nan pral jwenn pwogresivman, epi chak timoun gen laj pal poul kòmanse ak pwosesis sa, paske lap depan de matirite byolojik ak anviwònman timoun nan ap grandi.

¿Kisa nou bezwen konnen avan sou pwosesis sa?

- Fòk nou konnen ke li se yon pwosesis chak timoun pral travèse nan yon fason patikilyè.
- Granmoun yo dwe apiye ak akonpanye timoun nan tout tan, ak respè e lanmou.
- Poun ka kòmanse ak pwosesis la nou dwe konsidere ke chak timoun pral pran diferan kantite tan poul aprann.
- Nou pral bezwen anpil komunikasyon antre nou epi ak ekip kap travay nan jadendanfan an, pou nou ka apiye timoun nan nan pwosesis la, pandan nap sèvi ak menm fason yo konn anseye pitit ou a nan jadendanfan an.



¿Kijan pou nou konnen lè timoun nan pare poul kòmanse ak kontwòl la?

- Timoun nan konprann epi li ka swiv kèk enstriksyon ki senp.
- Li mande ou poul ale nan twalèt la oubyen itilize vaz la ak jès oubyen ak kèk mo
- Daypè a kòmanse fèl mal, li rekonèt lè dyapè a sal oubyen mouye, epi li eseye retirel oubyen li mande ou fè sa pou li.
- Daypè a rete sèk pandan lajounen, pou 2 oubyen 3 zè tan.
- Timoun nan imite granmoun yo lè yo ap bwose dan, mete rad, retire rad, etc.

¿Kòman nou ka apiye timoun nan nan pwosesis sa?

- 1** Mandel sil vle chita sou vaz la oswa nan twalèt la lè ou wè lap pouse, lap kwaze janm, lap manyen pati jenital li, oubyen si se lè poul fè sa.
- 2** Si timoun nan mouye oubyen li vin sal, pranl nan yon fason ki tranquil ak natirel. Envite li patisipe pandan wap netwaye li e eksplike sa se yon pwosesis poul aprann.
- 3** Ou mèt dil “mwen anvi fè pipi, mwen prale nan twalèt la, map vini” poul kapab konprann sa se yon bagay natirel ke tout moun fè.
- 4** Felisite souvan chak fwa li avanse nan pwosesis la.
- 5** Pandan timoun nan chita sou vaz la oubyen pandan lap chanje rad, toujou pwoteje entimite li, pa janm ekspozel devan lòt moun.
- 6** Lèl kòmanse leve ak daypè a sèk nan maten, ou ka kòmanse retire daypè a leswa.

7 Chak fwa timoun nan mande poul ale nan twalèt la oubyen chita sou vaz la, ou mèt mennen li, menm sil pa pipi menm. Eksplikel sa se yon pwosesis natirel e ke lap pran tan. Pa fache avèk li.

8 Si timoun nan mande ou, akonpanye li pandan li chita nan twalèt la oswa sou vaz la.

9 Lèl chita epi li kapab pipi oubyen twalèt, pale avèl, poul ka idantifye de pwosesis sa yo separe.

10 Pwofite itilize tan sa pou ou pale avèk pitit ou, fèl sonje non pati nan kò li epi respekte entimite pal.

Nou rekòmande ou mete rad ki legè sou timoun nan, sa yo ki fasil poul ka desann oubyen monte, nan kay la epi nan jadendanfan tou.



¿Kisa nou pa sipoze fè?

- Pa fòse timoun nan poul al nan twalèt oswa chita sou vaz la.
- Pa fache lè timoun nan pa avise ou li te bezwen ale nan twalèt.
- Pa konpare li avèk lòt timoun. Chak timoun diferan.
- Pa konpòte ou nan yon fason ki pa konstan, pa egzanp, pa mete daypè sou li pandan lajounen ankò.
- Pa konpòtew nan yon fason ki pa òganize antre fanmi e ekip kap travay nan jadendanfan pandan nap swiv pwosesis la.





Llama o chatea de lunes a viernes de 8:30 a 21:00 hrs.
800 200 818 fonoinfancia.cl     www.integra.cl